

Pou Piblikasyon Imedya: 09/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO FELISITE PWOFESÈ SUNY BINGHAMTON POU PRI NOBÈL
2019 LA**

Distenge Pwofesè M. Stanley Whittingham Resevwa Pri Nobèl nan Chimi Jodi a

*Rechèch inovatif nan Batri lityòm-Ion Lejè yo te mete "Fondasyon Pou yon
Sosyete San fil, San Enèji Fossil" Dapre Komite a*

*Aplikasyon Envansyon yo Kapab ede New York Reyalize Objektif Enèji Anbisye
yo*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo felisite Pwofesè distenge M. Stanley Whittingham poutèt li resevwa Pri Nobèl 2019 la nan Chimi. Pwofesè Whittingham te genyen pri a pou travay li ki mennen nan devlopman batri lityòm-ion ansanm ak John B. Goodenough, Virginia H. Cockrell, Prezidan Santè nan Jeni nan Inivèsite Texas nan Austin ak Akira Yoshino, yon asosye (fellow) onorè pou Kòporasyon Asahi Kasei nan Tokyo ak yon pwofesè nan Meijo University nan Nagoya, Japon. Pwofesè Whittingham fè pati 15 lòt manm pwofesè SUNY ki te resevwa pri Nobèl.

"Jodi a fanmi New York la selebre travay eksepsyonèl Pwofesè Whittingham ak tout lòt moun ki te genyen pri Nobèl la oparavan tou nan gwo eta nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Travay Pwofesè Whittingham lan gen plizyè aplikasyon, ki gen ladan ede New York rive jwenn objektif nou pou diminye emisyon kabòn ak reyalize 100 pousan zero elekrisite kabòn an 2040."

"Mwen te gen plezi pou rankontre 'papa batri lityòm' a plizyè fwa nan Binghamton University pou diskite sou pwogrè nou nan depo batri pou lavni enèji nou an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Moun New York yo fyè de rekonesans byen merite Pwofesè Stanley Whittingham lan, e mwen felisite li ak ko-benefisyè yo paske yo te onore yo ak pri Nobèl nan Chimi a".

Prezidan Konsèy Administrasyon SUNY an Dtè. Meryll H. Tisch te deklare,

"Pwofesè Whittingham se yon modèl pou chèchè atravè mond lan, e nou fyè li dirije epi enspire kamarad ak elèv li yo ki nan Binghamton University ak atravè tout kanpis SUNY nou yo. Pri Nobèl li a montre enpòtans etid siperyè piblik epi nou felisite Pwofesè Whittingham epi mete ansanm ak tout SUNY jodi a pou selebre gwo reyalizasyon li yo".

Rektris SUNY an, Kristina M. Johnson te deklare, "Genyen pri Nobèl la se yon akonplisman eksepsyonèl ke se relativman kèk grenn moun ki reyalize l nan mond rechèch la. Distenge Pwofesè Whittingham te travay ak anpil dilijans sou metye li pou 30 ane, epi an menm tan li te dedye tan li pou ede lòt moun pouswiv rechèch yo atravè

travay li te fè avan yo ak fondasyon Rechèch SUNY ak sou kanpis la. Jodi a, mwen onore pou mwen rele li yon gayan Pri Nobèl. Li montre elèv nou yo sa ki ka akonpli".

Pwofesè M. Stanley Whittingham te di, "Mwen plen avèk rekonesans lefèt mwen resevwa prim sa a, e mwen onètman gen tèlman anpil moun pou m remèsye ke mwen pa konnen ki kote pou m kòmanse. Rechèch ke mwen te enplikeladan lan pou plis pase 30 ane te ede avanse ki jan nou konsève ak itilize enèji nan yon nivo fondamantal, e se espwa mwen ke rekonesans sa a pral ede klere yon limyè ki nesese anpil sou lavni enèji peyi a".

Prezidan Binghamton University an Harvey Stenger te deklare, "Binghamton trè fyè ke komite Nobèl la te chwazi pou bay pwofesè Chimi Distenge M. Stanley Whittingham Pri Nobèl la pou travay pyonye li a sou batri lityòm-ion. Travay Pwofesè Whittingham la te fondamantalman chanje fason mond lan ekonomize ak itilize enèji, sa ki te rann posib yon revolisyon nan teknoloji konsomatè ak endistriyèl. Pou prèske trant (30) an, Pwofesè Whittingham te youn nan chèchè ki te pi vizib ak pwodiktif nan Inivèsite a, e nou tout nan Binghamton felisite l pou gwo onè sa a".

Konsènan Distenge Pwofesè Whittingham

Pwofesè Whittingham rive nan Binghamton University an 1988 apre 16 ane nan Exxon Research and Engineering Company, kote li te resevwa patant pou yon batri rechajab lityòm-ion, ak Rechèch Doll-Schlumberger. Nan karyè plis pase 30 ane li a, li te youn pyonye nan devlopman batri lityòm-ion epi kòlèg li yo nan tout nivo te rele travay li fondasyonèl.

Li genyen patant orijinal la sou konsèp itilizasyon chimik entèkalasyon nan dansite pwisans ki wo, batri lityòm trè revèsib - travay ki te bay baz pou dekouvèt ki fèt aprè ki kounye a alimante pifò laptop ak òdinatè - e yo te rele rechèch lidè mondyal.

Avèk plis pase 200 piblikasyon nan kèk nan jounal akademik kap mennen yo ak 16 patant, Pwofesè Whittingham te merite yon repitasyon nasyonal ak entènasyonal kòm youn syantis pwolifik. Rechèch li nan zòn sentèz la ak karakterizasyon tranzisyon nouvo oksid metal pou depo ak konvèsyon enèji, separasyon oswa kòm detèktè te kontinyèlman sipòte depi arive l nan Binghamton, ak plis pase 7 milyon dola nan sibvansyon rechèch federal soti nan Fondasyon Nasyonal Syans (National Science Foundation) ak Depatman Enèji a (Department of Energy).

Nan Binghamton University, Pwofesè Whittingham te ede tou etabli Pwogram Syans Materyèl ak Jeni, ki pote kreyativite l ak inovasyon nan kourikoulòm gradye Inivèsite a kòm ansanm ak nan laboratwa li yo.

Depi lè li rejwenn manm fakilte nan sant inivèsite SUNY a, Pwofesè Whittingham te soutni rechèch inovatif li a. Pandan yo t ap travay anpil ak tanperati anbyen, li menm ak gwoup rechèch li a mete aksan sou nouvo apwòch nan sentèz ki souvan pèmèt estrikti fòme ki enstab anba tanperati ki wo nòmalman itilize pou prepare oksid.

Pwofesè Whittingham te rekonèt pa kamarad klas li yo ak de (2) gwo prim nan dènye ane yo. An 2002, li te onore ak Prim pou Rechèch Batri Sosyete Elèktrochimik la pou

anpil kontribisyon li nan "Chimi Entèkalasyon ak Materyèl Batri", epi de (2) an pita li te eli yon Asosye (fellow) nan Sosyete Elèktrochimik la.

Li te patisipe epi te genyen tou pozisyon lidèchip nan, Sosyete Chimik Ameriken an (American Chemical Society), Sosyete Fizik Ameriken an (American Physical Society), Sosyete Elektwochimik (Electrochemical Society) ak Sosyete Rechèch Materyèl (Materials Research Society); epi te sèvi sou konsèy editoryal nan plizyè jounal, ki gen ladan Chemistry of Materials ak Materials Research Bulletin. Li te tou fondatè ak prensipal editè jounal Solid State Ionics - youn nan de (2) gwo jounal na domèn lan.

Pwofesè Whittingham te resevwa lisans, metriz ak doktora li nan Oxford University, anvan li vini nan Etazini kòm yon asosye apre doktora (post-doctoral fellow) nan Stanford University.

Enfòmasyon sou State University of New York

State University of New York la se pi gran sistèm ansèyman siperyè konplè nan peyi Etazini, ak 64 kanpis kolèj ak inivèsite ki chita a yon distans anviwon 48 kilomèt chak kay, lekòl ak biznis nan eta a. Nan Otòn 2018, te gen plis pase 424,000 etidyan ki te enskri nan yon pwogram diplòm nan yon kanpis SUNY. Ototal, SUNY te sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan kou ak pwogram, edikasyon kontini ak pwogram sansibilizasyon kominotè ki gen kredi inivèsite yo pandan ane akademik 2017-18 la. SUNY sipèvize prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Etidyan ak pwofesè inivèsite li yo pote yon gwo kontribisyon nan rechèch ak dekouven, sa k ap kontribye nan yon pòtfolyo rechèch ki vo 1.6 milya dola. Genyen 3 milyon ansyen etidyan SUNY nan lemond epi youn nan chak twa moun nan New York ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite www.suny.edu.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)